



Pou Piblikasyon Imedya: 10/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN PWOJÈ YO FINANSE ATRAVÈ INISYATIV REDIKSYON POVRETE EMPIRE STATE LA YO NAN JAMESTOWN

Sèt Pwogram pral Sipòte Pa Plis Pase 800,000 dola nan Finansman Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a sèt pwojè ke yo ap finanse nan kad Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la (Empire State Poverty Reduction Initiative, ESPRI) nan Jamestown. Pwojè sa yo se yon rezilta dirèk ESPRI an, ki se inisyativ 25 milyon dola Gouvènè an pou ede 16 kominote devlope estrateji ki onivo lokal yo pou redwi povrete, epi ogmante opòtinite ekonomik yo pou tout moun New York yo.

“Atravè Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la, nou ap bay kominote yo mwayen pou yo ka konekte moun yo ak opòtinite ki ap ede mete yo sou yon wout pou yo soti nan povrete epi ale nan endepandans ekonomik”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen espere wè pwogram sa yo ki ap bay rezilta epi mwen felisite Jamestown poutèt efò yo te fè pou rive nan pwèn sa.”

“Nan kad Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State nou an, nou ap bay finansman pou kominote yo ki toupatou nan eta a pou abòde pwoblèm pwovrete ki enpòtan anpil yo ki kontinye afekte lavi anpil moun New York”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou vle asire ke nou bay moun k ap viv nan povrete yo opòtinite ak resous yo bezwen pou ede yo mennen yon lavi ki pi estab. Envestisman sa nan pwogramm rediksyon povrete yo nan Jamestown yo pral bay opòtinite ekonomik ki ogmante pou abitan yo epi ede pi plis efò nou ap fè to pou revitalize Konte Chautauqua ak tout Rejyon Lwès New York lan.”

Byen rapid apre ke Gouvènè an te anonse Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State lan an 2016, Albany, Binghamton, The Bronx, Buffalo, Elmira, Hempstead, Jamestown, Newburgh, Niagara Falls, Oneonta, Oswego, Syracuse, Troy, Utica ak Watertown te vin rejwenn Rochester nan devlope fòs entèkansyon lokal yo pou kapab sipèvizè efò lokal yo epi administre finansman eta yo.

Inisyelman, fòs entèkansyon sa yo te travay pou idantifye zòn ki gen gwo neseseite yo epi devlope rekòmandasyon pou envestisman ak lòt chanjman pou redwi kantite moun ki ap viv nan povrete yo. Kounye a, fòs entèkansyon yo ap kòmanse mete sou pye plan rediksyon povrete yo ke yo te devlope nan premye faz lan, apati itilizasyon fon ESPRI an.

Sèt pwogram ke yo te apwouve pou jwenn finansman nan Jamestown yo se:

- **The Resource Center, 194,000 dola** - Yo pral itilize finansman an pou ede travayè ki gen revni fèb yo ak 20 patwon lokal, ki gen objektif amelyore konsèvasyon anplwaye yo, ede moun yo fè tranzisyon pou soti nan povrete. Patwon yo pral resevwa fòmasyon pou ede yo sipòte ak efikasite bezwen konplèks travayè yo ki ap viv nan povrete. Travayè yo pral resevwa asistans pou jesyon ijans finansye yo, lojman ki a pri abòdab, swen ak transpò pou timoun yo, ansanm ak lòt defi yo.
- **YWCA nan Jamestown, 150,000 dola** - Pwogram Parents as Teachers PLUS (Paran yo kòm Pwofesè PLUS) lan ap elaji yon pwogram ki egziste pou manman pitit adolesan yo pou enkli sila yo ki te kite lekòl segondè, ede yo ap aptitud parantal yo epi idantifye yon wout pou yo ka jwenn estabilite finansye. Li pral enkli tou yon konpozan mantora pou bay pi plis sèvis sipò yo.
- **Jamestown Community College, 140,000 dola** - Yo pral itilize finansman an pou bay sèvis edikatif ak sipò pou paran solitè ki gen revni fèb yo, pou ede yo jwenn aptitud ak kalifikasyon ki ap pèmèt yo jwenn anplwa nan travay ki byen peye yo.
- **Mental Health Association nan Konte Chautauqua, 126,000 dola** - Yo pral etabli yon rezo sipò pou ede siplemannte fonksyon resous imèn yo pou patwon ke yo seleksyone yo ak òf travay yo, nan objektif pou ka amelyore konsèvasyon anplwaye yo. Yo pral deplwaye yon espesyalis konpayon pou travay ansanm ak patwon yo ak anplwaye yo pou asire yon bon amoni epi ede depase baryè ki ap emèje pandan premye semèn anplwa yo.
- **Community Helping Hands, 92,000 dola** - Òganizasyon an, ki ap opere yon magazen atik dezyèm men, pral anboche moun ki gen revni fèb yo, ede yo pran eksperyans travay pandan ke y'ap konstwi aptitud jeneral, entèlijans emosyonèl ak konesans tèt yo. Patisipan yo pral resevwa tou fòmasyon epi devlope plan aksyon pou anplwa endividyèl yo, epi yo pral resevwa asistans peman pou pwogram sètifikasyon yo ke yo te ofri nan kominote a pou amelyore chans yo genyen pou jwenn anplwa a tan konplè.
- **Jamestown Public Schools, 90,000 dola** - Pou ede abòde pwoblèm absanteyis kwonik ki souvan anpeche gradyasyon atan nan lekòl segondè yo, finansman sa pral sipòte aprantisaj ki baze sou travay yo pou ede elèv ki gen difikilte pou reyisi yo nan yon anviwònman sal klas tradisyonèl. Elèv yo pral travay nan biznis yo ki ale nan liy enterè yo, ak yon anfas sou ankourajman lespri antreprenarya.
- **Chautauqua Adult Day Services, 45,000 dola** - Pou ede abòde bezwen an pèsonèl bileng yo, epi ak kliyantèl ki pale Panyòl ki ap ogmante a ki

gen konpetans limite nan lang Anglè, Chautauqua Adult Day Services a pral bay 12 semèn fòmasyon aptitud jeneral pou kandida travay bileng yo. Patisipan yo pral jwenn aptitud pou bay swen pwofesyonèl ak pi plis konpetans nan lang Anglè, ak opòtinite pou yo jwenn yon sètifikasyon Asistans Enfimyè ki Sètifye atravè yon patwon lokal.

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an nan Eta New York Samuel D. Roberts, te deklare, “Baryè pou simonte povrete yo inik pou chak kominote epi yon konsevwa apwòch yo jenere onivo lokal sa yo pou reponn a bezwen chak kominote yo. Atravè ESPRI, Gouvènè Cuomo te devlope yon modèl k ap responsabilize lidè lokal yo pou yo reponn a koz fondamantal povrete yo nan fason ki pi efikas la”.

Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare, “Gouvènè Cuomo rekonèt ke pou kominote yo pwospere, nou dwe bay rezidan ki gen mwens chans yo resous ki pou ede yo. ESPRI bay yon kout men a sila k ap soufri anba povrete yo, ki an retou ap ranfòse lyen kominotè yo, bay rezidan yo yon sans fyète epi ankouraje vrè kwasans alafwa anndan ak odela chak lokalite. Sa yo se gran pwogram ki pral ede pote yon kad ekonomik ekita pou nou tout ka pwospere”.

Kowòdonatè Ant Ajans Òganizasyon San Bi Likratif yo Fran Barrett te deklare, “ESPRI kontinye efò reyisi Gouvènè Cuomo ap fè pou l takle koz fondamantal povrete yo ak inegalite revni yo. Atravè ESPRI, Gouvènè Cuomo te responsabilize Nouyòkè ki gen revni fèb yo pou yo konsevwa estrateji pou retire baryè ki anpeche yo atenn mobilite ekonomik ak sosyal yo. Sa a se yon moman pou grand kontantman paske sitwayen Jamestown yo ap travay ansanm pou yo jwenn rezilta tanjib. Pwojè inik pou chanje sistèm lan yo te lanse jodi a yo se bèl egzanp ki montre travay k ap fèt atravè eta a yo nan toule 16 lokalite ESPRI a yo. Nou ap aplodi travay lidèchip lokal Jamestown lan ap fè yo epi nou paka tann pou n wè enpak ke efò sa a pral genyen sou lavi fanmi Jamestown lan yo”.

Senatè Catharine Young te deklare, “Li krisyal pou nou mete fen nan sikl povrete ki ap afekte anpil fanmi ak katye nan Jamestown pou nou ka konstwi yon avni ki pi djanm pou rejyon nou an ak jèn moun nou yo. Finansman pwogram ESPRI ke yo te anonse jodi a pou Jamestown pral fè nou pwogrese pou rive atenn objektif sa lè nou konekte abitan yo ak opòtinite travay yo, epi konsantre sou reyisit abitan ki pi jèn pami nou yo, alafwa anndan ak deyò sal kals yo. Mwen aplodi efò dirijan lokal yo epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li ap investi nan avni Konte Chautauqua”.

Andy Goodell, ki se Manm Asanble, te deklare, “Atravè pwogram ESPRI an, dirijan kominotè lokal yo te kapab idantifye inisyativ pwogram kle yo ke divès òganizasyon ki wotman kalifye lokal te ofri yo ki pral ede sila yo ki nan povrete ogmante kantite gradyasyon yo nan lekòl segondè, jwenn pi bon aptitud anplwa yo, epi entèwonp sikl povrete a. Lidèchip ak sipò Gouvènè Cuomo pou inisyativ sa te eleman kle nan bay finansman Eta a ki nesèsè pou inisyativ sa yo, epi nou espere fè yon enpak konsiderab sou nivo povrete nan Jamestown”.

Egzekitif Konte Chautauqua a, George Borrello, te deklare, “Jamestown te devlope pou vin tounen yon faktè ekonomik majè, ki ap sipòte devlopman ak reyisit Konte Chautauqua. Nan objektif pou ka kontinye devlope, abitan nou yo merite aksè a sèvis

sipò yo ak opòtinite ki pral ede bay fanmi yo elan pou retire yo nan povrete. Mwen aplodi Gouvènè a poutèt li ap asire ke kominote yo resevwa finansman pou elaji pwogramasyon ki ap travay pou amelyore kalite jeneral lavi nan Jamestown ak pi lwen ankò”.

Majistra Vil Jamestown Sam Teresi te deklare, “Sipò ke Jamestown te resevwa atravè inisyativ revitalizasyon anba lavil Gouvènè an, konbine ak investisman ki sekirize yo atravè konsèy devlopman ekonomik rejyonal nou an, te ede devlope ekonomi an epi kreye nouvèl pòs travay pou abitan nou yo. Dènye investisman Gouvènè an atravè pwogram ESPRI an pral non sèlman ede amelyore kalite lavi pou abitan nou yo, men tou li pral asire ke opòtinite edikatif yo disponib pou ka kontinye ogmante kantite anplwa yo atravè kominote sa”.

Amy Rohler, ki se Direktris Egzekitif United Way of Southern Chautauqua County, ki ap sipèvize Sibvansyon ESPRI an, te deklare, “Nou enkwayableman eksite konsènan pwojè inovatif ak kolaboratif sa yo nan Jamestown. Pwosesis seleksyon òganizasyon yo te ale nan enterè kominote a ki te òganize pa divès pati ki konsène ak yon pwosesis ki entansyonèl anpil epi baze anpil sou enfòmasyon yo”.

Krista Camarata, ki se Direktris Enpak Kominotè (Community Impact) pou United Way, te deklare, “Nou pral ap kolekte enfòmasyon epi idantifye mezi komen yo apati itilizasyon yon pwogram enfòmasyon kolaborasyon ki baze sou entènèt ke yo rele ‘Charity Tracker’. Sa ap pèmèt nou pataje enfòmasyon epi kreye fasilman yon imaj enstatane de pwogrè nou nan sa ki gen pou wè ak devlopman mendèv yo”.

Inite Kowòdinasyon San Bi Likratif (Nonprofit Coordination Unit) Gouvènè a, ansanm ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York la, Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal), ak Ekip Sibvansyon ak Refòm Eta New York la (New York State Grants and Reform Team), te òganize plizyè sesyon ekout atravè eta a ane pase, pou diskite sou mizajou yo ak pwogram ESPRI Gouvènè a, reponn kesyon yo, epi konekte ak gouvènman lokal la ak founisè san bi likratif yo ak gwoup biznis yo. Rès kominote ESPRI yo tout nan divès faz devlopman ak adaptasyon rekòmandasyon lokal yo, epi yo prevwa anonse plan rediksyon povrete endividyèl yo nan mwa ki gen pou vini yo.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)